# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 अगस्त 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी यूनिफाइड पेमेंट्स इंटरफेस–यूपीआई कै आजु दस बरिस पूरा भइले पर कहलें कि राष्ट्र कै येह डिजिटल क्रांति पर हर भारतीय के गरब होखे के चाहीं। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि यूपीआई प्रणाली क सुरु होखल भारत के डिजिटल भुगतान इतिहास क सबसे बड़हन निरणायक क्षण रहल हौ। प्रधानमंत्री देसवासियन से यूपीआई के साथे आपन अनुभवो साझा करे के कहलें।

यूपीआई कै सुरुआत अजुए के दिन्ने बरिस दुई हजार सोलह में भइल रहे। एगो रिपोर्ट–

**महज 10 वर्षों में यूपीआई भारत में डिजिटल भुगतान के तरीकों को पूरी तरह से बदल दिया है। इसके माध्यम से लेनदेन त्वरित, सरल और अधिक सुलभ हो गया है। यूपीआई की बड़े पैमाने पर तेज और भरोसेमंद सेवा को पूरी दुनिया में सराहा गया है। जिसके कारण आज यूपीआई प्रणाली को 11 देशों ने अपनाया है इनमें फ्रांस, सिंगापुर, यूएई, श्रीलंका, भूटान और मॉरीशस जैसे देश शामिल हैं। आज दुनिया में होने वाले हर दो रियल टाइम डिजिटल भुगतान लेनदेन में से लगभग एक भारत में होता है। दुनिया भर में होने वाले डिजिटल भुगतान लेनदेन में यूपीआई के हिस्सेदारी लगभग 49ः है। दीपेंद्र कुमार, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि यूपीआई क जतरा आजु भारत के डिजिटल सामर्थ्य अउरि आत्मनिर्भरता कै बैस्विक पहिचान बनि चुकल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में कृषि विभाग क नवका चुनल गइल तीन हजार चार सौ छियालिस प्राविधिक सहायकन अउरि एक सौ छब्बीस मंडी सचिवन कै नियुक्ति–पत्र वितरण कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर अपना सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलन कि छह महिन्ना के भीतरे एक लाखि नौजवानन के सरकारी नोकरी क नियुक्ति पत्र दीहल जाई।

**मैं प्रदेश भर के युवाओं को इस बात के लिए आश्वस्त कर रहा हूँ कि अगले 6 महीने के अंदर... नोट करिए, अगले 6 महीने के अंदर...एक लाख नौजवानों को फिर सरकारी नियुक्ति पत्र अलग–अलग स्टेज में, हर सप्ताह उपलब्ध करवाने जा रहे हैं। एक लाख सरकारी नियुक्ति पत्र हम देने जा रहे हैं। अनुमान करिए... 1 लाख! यूपी के अंदर कभी यह कल्पना होती थी? यहाँ हम 6 महीने के अंदर ही 1 लाख नौजवानों को यह सरकारी नियुक्ति पत्र दे रहे हैं। सारी परीक्षाएं पूर्ण हो गई हैं, रिजल्ट की प्रक्रिया चल रही है।**

**********

प्रदेस के दुई दिवसीय दौरा पर पहुंचल मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार आजु लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में बूथ लेवल अधिकारियन–बीएलओ के साथे बतकही कइलें। येह मौका पर मीडिया से बतियावत उहां के कहलीं कि बूथ लेवल अधिकारी भारत के लोकतंत्र क नेई हवें।

**हर बूथ लेवल ऑफिसर अपनी पारदर्शिता और कर्मठता के लिए न केवल अपने बूथ के मतदाताओं के बीच में जाना जाता है, बल्कि पूरे भारत में और पूरे विश्व में जाना और माना भी जाता है।भारत के सभी बूथ लेवल ऑफिसर्स अपनी कर्मठता से जिस तरीके से कार्य करते हैं, इसीलिए उनके साथ संवाद स्थापित करना और जितना अच्छा वो काम करते हैं, और कुछ उनके सुझाव भी थे, उन सुझावों को भी लेना, इसी काम के लिए हमने लखनऊ आए भी थे।**

**********

बाराबंकी जिला में मसौली थाना इलाका के बिंदोरा चौराहे के लग्गे आजु दिने में तेज बरखा के बिच्चे एगो डंपर अउरि कार कै आमने सामने से भइल टक्कर में चार जने क मउति हो गइल। टक्कर के बादे पुलिस के मददि से कार में फंसल पांचि जने के बहरे निकारल गइल, जेहमें से तीन जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल रहे। ओहीं एगो मनई इलाजि के दौरान दम तुरि दिहलस, जबकि हादसा क सिकार एगो अउरियो मनई अस्पताले में भरती बाटें।

**********

बिहने ईद मिलाद–उन–नबी मनावल जाई। येही कड़ी में सीरतुन्नबी के जलसन आ महफिलन क सिलसिला आजु से शुरू हो रहल हो। एके देखत इस्लामिक सेंटर ऑफ इंडिया क चेयरमैन मौलाना खालिद रशीद फरंगी महली लोगिन से सेंटर की ओरि से जारी दिशा–निर्देसन क पालन कइले क अपील कइले हवें।

***पूरे तरीके से डिसिप्लिन का ख्याल रखें। और इन जलसों में जो अदब और लिहाज महफूज रखना चाहिए उसका भी पूरा लिहाज रखा जाए। और सड़कों पर नौजवान बिल्कुल भी मोटरसाइकिल स्टंट न करें। यह मुबारक रात है, इसका एहतराम करना लाजमी और जरूरी है।***

**********

मौसम विभागि पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु कहीं कहीं भारी से लेके ढेरे भारी बरखा क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ। विभाग बिहने आ सत्ताईस अगस्तो के येह अंचल में भारी बरखा क चेतावनी दिहले बा।

**********